# Эссе: «Адыгэбзэ, анэдэлъхубзэ»

Зыгъэхьэзырар – адыгэбзэмрэ литературэмкIэ егъэджакIуэ Шыд Ф.С.

2024 гъ.

# Си анэбзэ, си адыгэбзэ!

Адыгэбзэ, анэдэлъхубзэ! Мы псалъэхэр ди гум къохуэбылIэ, дегъэин. Абы дэ зэхыдегъэщIэ къыддалъхуа, ди гум щыдгъафIэ бзэ лъапIэ дызэриIэр. Зи бзэр фIыуэ зымылъэгъуж, ар зымыщIэ цIыхум къыщалъхуа лъэпкъыр фIыуэ хуэлъэгъунукъым. БзэмкIэщ узыщыщ лъэпкъри, абы и хабзэ дахэри, уи щIыналъэ хъуэпсэгъуэри зэрызэхэпщIэр.

ЦIыхубэм фIыгъуэу зэригъэпэщахэм я нэхъ лъапIэщ лIэщIыгъуэкIэрэ къыдэгъуэгурыкIуэ и анэдэлъхубзэр. Бзэм епхащ цIыхубэм ехъулIэныгъэу зыIэрагъэхьахэр, абы адэкIэ и дунейм зэрызиужьынури station зэлъытар. Бзэр имыIэмэ, абы гъащIи иIэнукъым. Бзэр имыIэмэ, лъэпкъым и лъэпкъыгъэр фIокIуэд, ар адрейхэм яхошыпсыхьыж. Зи щхьэ, зи лъэпкъ пщIэ хуэзыщIыж дэтхэнэри телэжьэн хуейщ къыдалъхуа и анэдэлъхубзэм, ар и нэ, и псэуи илъагъуу иIэтын хуейщ. Бзэм и гъащIэр зи IэмыщIэ илъыр къэзыгъэщIа лъэпкъырщ, пэжу бгъэдэтмэ, тэмэму игъэлажьэмэ, ефIэкIуэнущ.

Анэдэлъхубзэр лъэпкъым игущ, и псэщ. Лъэпкъыр зыгъэлъэпкъыр и бзэрщ. Адыгэбзэм хуэдэу дахэ щымыIэу сэ къысщохъу, сыт щхьэкIэ жыпIэмэ, зи анэдэлъхубзэм хуэшэрыуэ, абыкIэ зи гупсысэр нэгъэсауэ къэзыIуэтэф цIыхум и зэхэщIыкIыр нэхъ кууущ, и акъылыр нэхъ жанщ, и дуней тетыкIэр нэхъ дахэщ. Апхуэдэхэращ анэдэлъхубзэм и къарумрэ и IэфIагъымрэ псэкIэ зыхэзыщIэфыр, къызыхэкIа лъэпкъым и деж пщIэи нэмыси щызыгъуэтыфыр.

Бзэ, сыту куэд пхузэфIэкIрэ! Уи мыцIыхугъэр ныбжьэгъу бощIыф, ц1ыхухэр зыкъубогъэувэф, лъэпкъым къару ин хыболъхьэ. Ауэ, махуэ къэс бзэр къагъэсэбэпу есауэ, куэдрэ къыхокI ц1ыхум абы хуэфащэ  пщIэ хуамыщIу.

Анэдэлъхубзэр пщIэныр зэрынасыпышхуэр къыщыбгурыIуэр, а анэдэлъхубзэр зымыщIэм зеплъыта нэужьщ. Сэ къысфIощ1 апхуэдэм гъащIэм хэмытынкIэ Iэмал зимыIэ зы абрагъуэ гуэр фIэкIуэдауэ, а яфIэкIуэдам и инагъри зыфIэкIуэдахэм я нэхъыбэм къагурымыIуэу.

Хамэбзэм къыхэкIа псалъэ куэдкIэ бзэр якудэ. Абы къыдэкIуэу, лъэпкъым и мылъку хъумапIэм хадз уасэшхуэ зиIэ, л1эщ1ыгъуэ мымащ1э зи ныбжь 1ущыгъэхэр. И нэхъыбэм ц1ыхум и бзэр игъэлъэп1эн щыщ1идзэр хамэщ1 щихуэм и дежщ.

Адыгэбзэм хуэдэу дахэ щы1экъым! Анэдэлъхубзэр лъэпкъым и ф1ыгъуэ нэхъ лъап1э дыдэхэм ящыщщ. Ауэ ар зымылъытэ, абы пщ1э хуэзымыщ1 куэдым гъащ1эм ущрохьэл1э.

Уахуозэ зи бзэк1э мыпсэлъэжыфхэми, мытхэфхэми, уеблэмэ ар къызыгурымы1уэхэри мымащ1эу къытхэтщ адыгэхэми. Ат1э сыт абыхэм адыгэк1э дыщ1еджэр, сыт хуэдэ пыщ1эныгъэ абыхэм ди лъэпкъым хуа1эр?

Бзэр тIэщIэхумэ – дылъэпкъым. Ауэ ди жагъуэ зэрыхъущи, иужьрей зэманым мащ1экъым бзэр IэщIыб зыщI цIыхухэр. АтIэ сыт ар къызыхэкIыр

Адыгэ унагъуэхэм къихъуэ сабийхэм я нэхъыбэм адыгэбзэр ящIэжыркъым. И бзэ хуэмеижым адыгэ хабзэр сыту ищIын? Ари хыфIадзэж. Унагъуэм ис нэхъыжьхэми зыри жаIэркъым. ЖаIэн дэнэ къэна, я быным, я быным я быныжхэм урысыбзэр фIыуэ зэращIэм ирогуфIэ, ирогушхуэ. Адэ-анэхэм я нэхъыбэм я бынхэм хамэ къэралыбзэхэр ирагъащIэмэ нэхъ къащтэ. «Зэман тедгъэкIуадэу адыгэбзэр щIэдджынур сыт, дэ ар зыкIи сэбэп къытхуэхъунукъым», - жаIэ адэ-анэм я Iуэху еплъыкIэм щыгъуазэ сабийхэми. Абыхэм къагурыIуэркъым зи анэдэлъхубзэр зэзымыпэсыж цIыхур зэрыкъулейсызыр. Уи анэм къыбдилъхуа бзэм пщIэ хуумыщIыжмэ, уи щхьэр бгъэпудыжу аращ. Уэ уи щхьэм пщIэ хуумыщIыжмэ, нэгъуэщIым къыпхуищIыну? Ди бзэм дытеукIытыхьмэ, дыкъызыхэкIа лъэпкъри догъэикIэ. Адыгэ лъэпкъыр дызэрыгушхуэ усакIуэшхуэ КIыщокъуэ Алим иIэщ мыпхуэдэ усэ сатырхэр: «Адыгэбзэр зэзмыгъащIэу, урысыбзэр сщIэн слъэкIакъым». УсакIуэр утыкушхуэ изышар и бзэм хуиIэ лъагъуныгъэрщ, абы кърит къарурщ и лъэ щIэзыгъэкIар.

Мыпхуэдэу жызыIэ адэ-анэ куэдым уарохьэлIэ: «Хуабжьу дыщIохъуэпс адыгэбзэ ящIэу ди быныр къэдгъэхъуну, ауэ дапхуэдизу демылIалIэми, унэм щIэкIмэ, дэнэкIи урысыбзэщи, Iуэхум зыри къикIыркъым. Ар мыпэжу къысщохъу сэ. Унагъуэм адыгэбзэр илъмэ, абыкIэ зэпсэлъэныр хабзэ щыхъуауэ къекIуэкIмэ, быным адыгэбзэр къимыщтэнкIэ Iэмал иIэкъым, сыт хуэдиз урысыбзэ уэрамым къащыпэмыплъэми. Аращ бзэ гуэр къэпщIэнымкIэ нэхъыщхьэри, зэхэпхыху, урипсэлъэху и зэхэлъыкIэр, и зекIуэкIэр зыхэпщIэурэ нэхъыбэ къыбощIэ.

Адыгэбзэр къэралыбзэу щытщ, ауэ ди жагъуэ зэрыхъунщи, а Iуэхур кIуатэркъым. Ди республикэм ди бзэмкIэ Iуэху лъэпкъ щызэрахьэркъым, Школхэм анэдэлъхубзэм хуащIу щыта пщIэми кIэрыхуащ - ар кIуэ пэтми нэхъ мащIэ мэхъу. Адрей предметхэм я ужькIэ ягъэув.

Ди бзэр зэрыкIуэщIымкIэ къуаншэр унафэщIхэм я закъуэкъым, АбыкIэ къуаншэщ адэ-анэхэри, школ унафэщIхэри.

Сэ къызэрызгурыIуэмкIэ, дэ ди бзэр зыми къытпиубыдыркъым, ди акъылыншагъэкIэ дгъэбиижу аращ, ар куэдкIэ нэхъ шынагъуэщ.

Ди лъэпкъым бзэр зыIэщIэдгъэкI, IэщIыб тщIы хъунукъым. Ди бзэр фIыуэ тщIэуэ, адыгэ хабзэм хэтщIыкIыу, зетхьэу, бзэм зедгъэужьу, дэрэжэгъуэу диIэу дыщытын хуейщ, бзэр ди нэщи, ди псэщи, ди зэфIэкIщи.

Сэ сызэрегупсысымкIэ, дэтхэнэ зы цIыхури дихьэхын хуейщ и бзэм, и хабзэм, и тхыдэм ехьэлIа 1уэхугъуэхэм. ЩIэхъуэпсын хуейщ адыгэ лъэпкъым зиужьыну, и бзэр ефIэкIуэну.

Бзэншэ лъэпкъыр лъащIэ зимыIэ унэм ещхьщ. Жьыбгъэ къепщамэ, цIыхухэр зэбгрощэщ, унэр зэрызэтелъхьа чырбышыр зэрызэтехужынум хуэдэу. Анэдэлъхубзэ! Лъэпкъым урипсэщ! Уэ игъащIэкIи дунейм утетынущ, лIэщIыгъуэхэм уапхрыкIыу, щIэблэ куэдым удэпсэунущ утхъумэху, си бзэ дыщэ!